

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Manusa salaku mahluk sosial tangtu moal leupas tina lumangsungna prosés interaksi sosial, boh antar individu jeung individu, boh individu jeung kelompok, atawa sabalikna. Ku kituna, manusa moal bisa hirup sorangan sarta silih ngabutuhkeun bantuan jeung papada manusa séjénna pikeun nyumponan kabutuhan hirupna anu satuluyna bakal ngahasilkeun interaksi-interaksi soasial di masarakat anu teu bisa leupas tina aspék-aspék sosial.

Aspék sosial téh mangrupa hal-hal anu patali jeung sistem kahirupan masarakat. Soejono Soekanto (2015, kc. 78) ngabagi aspék sosial jadi lima rupa, nyaéta aspék sosial agama, aspék sosial atikan, aspék sosial moral, aspék sosial ékonomi, jeung aspék sosial politik.

Saupama dipatalikeun jeung karya sastra, pon kitu deui karya sastra henteu leupas tina kahirupan manusa lantaran masalah-masalah nu dipidangkeun dina karya sastra téh asalna tina aspék-aspék sosial kahirupan, upamana baé ngeunaan sosial, politik, ékonomi, atawa budaya anu patali jeung adat istiadat hiji sélér bangsa. Karya sastra salaku karya tinulis atawa lisan anu mangrupa hasil ébréhan ide, rasa, jeung pamikiran ti hiji pangarang anu ngandung unsur éstétika.

Karya sastra gelar luyu jeung kahirupan masarakatna. Hal naon baé anu kaalaman ku masarakat (kanyataan) sok diébréhkeun dina téks karya sastra. Ieu hal luyu jeung pamadegan Damono (1979, kc. 1) nu nyebutkeun yén sastra téh midangkeun gambaran kahirupan, jeung kahirupan éta sorangan téh mangrupa *kenyataan* sosial. Kahirupan nu dipidangkeun ilaharna kahirupan masarakat nu aya di sabudeureun pangarang salaku nu nyipta karya sastra, lantaran pangarang mangrupa anggota masarakat. Sagala rupa pangalaman hirup kayaning kabungah, kasusah, kahariwang, kateusaluyuan antara kahayang jeung kanyataan, dikedalkeun kana hiji karya sastra kalawan diwewegan ku unsur fiksi.

Salah sahiji karya sastra anu raket patalina jeung konflik atawa pasualan kahirupan manusa di antarana aya carita pondok. Carita pondok atawa carpon téh karangan tinulis rékaan anu galur caritana basajan lantaran jumlah kajadianna

henteu réa, museur kana hiji kajadian, tur palakuna ukur dua tilu urang. Jejer jeung latar (*setting*) carita pondok napak dina alam kahirupan kiwari, béda jeung dongéng (Isnéndes, 2010, kc. 29). Sanajan wangunna pondok, carpon mibanda sarat kawewegan carita, lain asal saeutik jumlah kacana (Siswanto, 2008, kc. 118).

Kasang tukang tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngaronjatkeun deui kasadaran masarakat kana ajén-ajén sosial anu nyangkaruk dina karya sastra, hususna karya sastra carpon. Buku kumpulan carpon anu judulna *Ruruntuk* mangrupa hasil karya ti Tiktik Rusyani nu geus kawilang aktif dina nulis carpon. Sabada dibaca tur dititénan, loba carita pondok nu jejerna deukeut jeung kahirupan sosial masarakat, lantaran nyaritakeun kajadian-kajadian anu remen karandapan atawa ngan saukur kabandungan dina kahirupan sapopoé saperti pasualan moral, hubungan jeung papada jalma, ajén sosial agama jeung ajén sosial séjénna.

Saupama ditilik tina pamakéan basa jeung ciri has carpon, buku kumpulan carpon *Ruruntuk* karya Tiktik Rusyani nyumponan minangka karya sastra carpon lantaran wangun tulisan unggal carponna kawilang singget teu panjang teuing, basana ogé kaasup basajan tur bisa dipipaham ku pamaca, loba kekecapan *gaul* anu luyu jeung kahirupan jaman kiwari, eusi carita anu henteu beurat teuing sarta ieu buku téh masih kawilang anyar, tangtu can aya nu nalungtik. Masalah-masalah nu karandapan dina unggal carponna padeukeut jeung masalah-masalah kahirupan jalma nu sok karandapan sapopoé. Ti mimiti medal, loba masarakat anu kairut pikeun maca ieu buku lantaran saupama nilik Tiktik Rusyani salaku pangarang ieu buku ogé lain jalma joré-joré tapi kaasup salah sahiji pangarang wanoja anu masih kawilang aktif dina dunya kasusastraan Sunda. Éta hal téh katitén tina aktifna Tiktik Rusyani dina salah sahiji organisasi anu jadi wadah pikeun wanoja-wanoja anu aya karep dina tarékah ngahirupkeun tur ngamekarkeun sastra Sunda di jaman kiwari. Dumasar sababaraha hal éta, panalungtik milih ieu buku pikeun dijadikeun objék panalungtikan.

Anapon udagan tina ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun ngadéskripsikeun unsur struktural jeung aspék sosial anu nyampak dina buku kumpulan carpon *Ruruntuk* karya Tiktik Rusyani. Pikeun nganalisis tur medar eusi kumpulan carita pondok *Ruruntuk* tangtu kudu dimimitian ku cara maca heula karyana kalayan teleb, dipesék struktur caritana, tuluy dipaluruh sarta diteuleuman ajén-ajén sosial

kahirupan masarakat dina unggal caritana. Dina maluruh eusi carpon, baris digunakeun pamarekan struktural Robert Stanton anu ngawengku téma, fakta carita, jeung sarana sastra, sedengkeun pikeun maluruh aspék sosialna baris ngalarapkeun tiori Soejono Soekanto anu ngawincik aspék sosial kana lima klasifikasi anu ngawengku aspék sosial agama, aspék sosial atikan, aspék sosial moral, aspék sosial ékonomi, jeung aspék sosial politik.

Ieu panalungtikan téh lain anu munggaran. Aya sawatara panalungtikan saacanna anu patali jeung ieu panalungtikan di antarana nyaéta *Struktur jeung Aspék Sosial dina Novél Béntang Hariring pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra di SMP* ku Hinhin Wahidah (2017); *Aspék Sosial dina Novél Kabandang ku Kuda Lumpung Karya Ahmad Bakri Pikeun Bahan Pangajaran Maca Novél di SMP* ku Wais Al-Qorni (2020); jeung *Aspék Sosial dina Kumpulan Carpon Halis Pasir Karya Us Tiarsa (Ulukan Objéktif jeung Mimétik)* ku Indah Purnamasari (2022).

Tina sawatara panalungtikan saacanna, sasaruana nyaéta dina pamarekan nu digunakeun nyaéta struktural jeung aspék sosial, sedengkeun bébédaan anu nyampak dina ieu panalungtikan jeung panalungtikan saacananna téh nyaéta lebah objék panalungtikanna. Dina ieu panalungtikan, objék anu ditalungtik téh nyaéta buku kumpulan carpon *Ruruntuk* karya Tiktik Rusyani anu masih kawilang anyar kénéh. Ku kituna, ieu panalungtikan téh dijudulan “Kumpulan Carpon *Ruruntuk* Karya Tiktik Rusyani (Ulukan Struktural jeung Aspék Sosial)”.

1.2 Identifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Identifikasi Masalah

Saméméh nangtukeun rumusan masalah, perlu diidentifikasi heula masalah anu bakal jadi dasar panalungtikan minangka watesan masalah. Panalungtik ngaidéntifikasi sababaraha masalah dasar kana kasang tukang di luhur, nyaéta:

- 1) kumpulan carpon *Ruruntuk* karya Tiktik Rusyani mangrupa karya sastra wangun prosa anu diwangun ku unsur-unsur nyaéta struktur carita nu aya dina éta karya;
- 2) carita jeung konflik dina carita unggal carpon raket patalina jeung masalah-masalah sosial anu mindeng karndapan ku jalma dina kahirupan sapopoé.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang jeung idéntifikasi masalah di luhur, bisa dirumuskeun masalah dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur carita dina kumpulan carita pondok *Ruruntuk* karya Tiktik Rusyani?
- 2) Aspék sosial naon waé nu nyampak dina kumpulan carita pondok *Ruruntuk* karya Tiktik Rusyani?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan tina ieu panalungtikan kabagi jadi dua, nyaéta ieu di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Dumasar rumusan masalah di luhur, tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nambahan kajian dina widang sastra utamana carpon. Ieu panalungtikan dilaksanakeun pikeun ngaguar jeung maluruh atruktur carita jeung aspék sosial anu nyampak dina kumpulan carpon *Ruruntuk* karya Tiktik Rusyani.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun.

1. Struktur carita (fakta carita, jeung sarana sastra) dina kumpulan carita pondok *Ruruntuk* karya Tiktik Rusyani;
2. Aspék sosial nu nyampak dina kumpulan carita pondok *Ruruntuk* karya Tiktik Rusyani.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara téoritis, hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa ngahasilkeun hiji karya tulis ilmiah anu bisa ngeuyeuban dunya atikan, nambahan élmu atawa pangaweruh ngeunaan sastra utamana dina ulikan struktural carpon. Ieu panalungtikan ogé jadi bukti yén ngaliwatan ulikan struktural carpon, bisa kapaluruh aspék sosial nu nyangkaruk dina hiji karya sastra.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat.

1. Pikeun panalungtik, bisa ngajembaran pangaweruh ngeunaan struktur carpon sarta bisa mikanyaho aspék-aspék sosial anu nyampak dina kumpulan carpon *Ruruntuk* karya Tiktik Rusyani.
2. Pikeun panalungtikan satuluyna, bisa dijadikeun sumber référénsi atawa pangdeudeul dina studi pustaka pikeun nambahan pangaweruh tiori ngeunaan pamarekan struktural jeung aspék sosial dina karya sastra.
3. Pikeun guru jeung siswa, bisa jadi bahan pangajaran pikeun ngaronjatkeun daya aprésiasi karya sastra hususna carita pondok.
4. Pikeun pamaca jeung masarakat, bisa nambahan pangaweruh ngeunaan ulikan sastra Sunda jeung nimbulkeun perspektif anyar yén karya sastra téh lain saukur miboga fungsi hiburan, tapi nyangkaruk ogé pangaweruh ngeunaan aspék sosial nu patali jeung ajén-ajén kahirupan.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi ngawengku lima bab, nyaéta ieu di handap.

Bab I Bubuka, eusina medar ngeunaan kasang tukang diayakeunna panalungtikan, idéntifikasi masalah jeung rumusan masalah anu baris ditalungtik, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan dina nyusun laporan panalungtikan.

Bab II Ulikan Tiori, eusina medar tiori nu aya patalina jeung ieu panalungtikan, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir. Tiori-tiori nu dipedar nyaéta ngeunaan carita pondok, tiori struktural, jeung aspék sosial karya sastra.

Bab III Méthode Panalungtikan, medar méthode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nu ngawengku méthode panalungtikan, desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, téhnik panalungtikan, prosedur panalungtikan, jeung instrumén anu dipaké dina panalungtikan.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, medar ngeunaan déskripsi tina hasil panalungtikan anu ngawengku hasil analisis data struktur carita jeung aspék sosial dumasar kana instrumén nu geus ditangtukeun. Satuluyna didéskripsikeun pedaran hasil analisis anu museur pikeun ngajawab rumusan masalah.

Bab V Panutup, eusina medar ngeunaan kacindekan hasil panalungtikan jeung rékoméndasi pikeun panalungtikan satuluyna dumasar kana hasil nu kapanggih.

